



Amakuru Avuguruwe ya COVID-19 Kumurwa Mukuru wa Burlington

Ikigo c'amakuru shingiro no Kuvugurura ya
COVID-19 I Burlington

Rusama 2021

(Kirundi)

Incamake:

- Integuro Ikurikira ya Vermont-Umuyoboro wo Kwugurura Kandi
- Uko Iyva COVID-19 Vyifashe
- Imirongo Ngenderwako Ivuguruye Kubijanye N'udufuka Munwa
- Ingingo zo Kwiga Kare- Umugambi W'ubufasha bwo Kwiga Ibijane N'ukwitaho Abana
- VERAP-Umugambi Wihuta W'ubufasha bwo Kuriha Uburaro wi Vermont
- Kubandanya, Kuja Hejuru- Umugambi wo Kwigisha akazi abafasha baba foroma (Licensed Nursing Assistant (LNA)) babifitiye impamyanya bushobozi

Integuro Ikurikira ya Vermont



Integuro Ikurikira ya Vermont (“Vermont Forward Plan”), yaratangajwe ubuherutse izoja mungiro mumezi ari imbere. Intego n’iyugururwa kandi ry’ibikorwa vyose guhera igenekerezo rya 4 Mukakaro. Ino nteguro itanga umurongo ngenderwako mugufasha kwugururira abantu ba Vermont hamwe nivyashara mukuraba inzira yo muri kazoza yo gusubira gutembera, gukora ivyashara, hamwe n’imigirwa y’amakoraniro atakibuza. Integuro yateguwe n’igisata Kijejwe Ivy’amagara Y’abantu, Igisata Kijejwe Umutekano W’abanyagihugu, hamwe N’ikigo C’ubudandaji hamwe N’iterambere ryo Mukibano hamwe no Gukoresha Amakuru Y’urucanco kugira habe iyugururwa rya reta ritekanye.

Amavugurura Mashasha agizwe:

Rusama 14 - Ivugurura Kumakoraniro – Nimba umugirwa udafise uburyo bwo kwerekana nimba umuntu yararonse urucanco, bifatwa ko bose ata rucanco bafise kugira igitigiri categekanijwe ntikirenge. Imigirwa hamwe n’amakoraniro bitegerezwa gukurikiza [Amabwirizwa yo Kwisi Yose](#) (mu Congereza), **agizwe no guhana umwanya hagati y’umuntu n’uwundi hamwe n’ibisabwa kugafuka munwa.**

- **Ibitarengwa Kumakoraniro yo Munzu:** Umuntu umwe ataronka urucanco ku metero kwadarato 50 gushika kuri 300 batararonka urucanco (ikiri musu), gushirako igitigiri icarico cose c’abantu baronse urucanco nkuko amabwirizwa yo kwisi yose yo gutandukana hagati y’umuntu n’uwundi abirekura.
- **Amakoraniro yo Hanze Y’inzu:** Gushika kubantu 900 batararonka urucanco, gushirako igitigiri icarico cose c’abaronse urucanco nkuko Amabwirizwa yo Kwisi Yose yo gutandukana hagati y’umuntu n’uwundi abirekura.


Ivyari Bibujijwe Mukwiyunguruza Vyakuweho - Kwiyugarana hamwe no gukora ibipimo ntibikenewe mukwiyunguruza ugarutse i Vermont. Ariko, bimwe muvyabuzwa muvyo kwiyugarana hamwe n’ibipimo birashobora gukora mukwiyunguruza kwisi yose. Ingingo ngenderwako zishobora guhinduka muri buri reta, rero imbere yuko utegura urugendo, raba ingingo ngenderwako zikoreshwa aho ugomba gushikira.

Mukakaro 4 – Ibibujijwe Vyose Vyakuweho

- Amakoraniro hamwe n’imigirwa – nta gitigiri kibujijwe, imigirwa yo hanze y’inzu iratewe intege
- Agafuka munwa hamwe n’ibisabwa kugira abantu batandukane – ntibikenewe ariko biratewe intege ku rwego rwo hejuru
- Ibikorwa Vy’ivyashara - [Amabwirizwa yo Kwisi Yose](#) (mu Congereza) biratewe integer mu bisata vyose

Uko Ivyari COVID-19 Vyifashe

New Cases by County



Umurwa Mukuru urabandanya gukurikirana ukuntu COVID-19 yifashe mu kibano. Icegeranyo ca vuba kirerekana ko abagendana iyo ngwara bagabanutse mu karere kacu, nkuko vyari mumpera ya Ndamukiza.

- Imisi indwi muri make (nkuko vyari mumpera ya Ndamukiza) - 21.6 batowe iyo ngwara
- Umugwi munini watowe ingwara ya COVID-19 (inyuma y'amayinga 4) - imyaka 20-29
- Amakuru ya vuba yerekana ko abarenga 61% y'abantu bo mukibano ca Vermont baronse niburiburi igice cambere c'urucanco.
- Abatowe COVID-19 bafitaniye isano n'abageze muza bukuru bagenda bagabanuka nkuko benshi bariko bafata ingaruka nziza z'incanco. Nubwo bino biharura vyerekana gutera intambwe nziza, turacakeneye kubandanya kuba magabo muri uno mwanya.

Ico mushobora gukora: Nyabuna bandanya kwambara agafuka munwa, kurikiza amabwirizwa ya reta kubijanye n'amakoraniro hamwe n'abantu bava hanze y'inzu yawe, hamwe no kwiyumvira kwipimisha ku buntu (n'ibintu vyoroshe, igipimo wishirira ubwawe mu zuru, atari igipimo cakera cagenda kure muzuru) kiraboneka kuri 405 kw'ibarabara ryitwa Pine muri Burlington misi yose hagati ya 10:00 z'imbere y'umutaga - 6:00 inyuma y'umutaga. Kuronka urucanco birashobora kandi kugabanya cane igwirirana ry'umugera mukibano.

Ingingo zo Kwiga Kare



Gukenera gufasha kuriha kukwitaho abana? Umwana wanyu ashobora kwemererwa Intambwe Zambere Z'umugambi wo Kwigisha

Imiryango ibikwiye yoshoboye kuronka ***Intambwe Zambere zo Kwigishwa*** biciye ku Murwa Mukuru wa Burlington, mugufasha muvy'amahera ku mwanya wose wo kwitaho umwana ku migambi yemerewe! Mu gusaba, imiryango igomba kuba iba muri Burlington, bakwije amabwirizwa y'agahembo kari musu, kandi bafise umwana w'amayinga 8 gushika ku myaka 2 ½. Koresha rinki kugira uronke ibisobanuro vyinshi!

Impembo umuryango winjiza itegerezwa kuba ingana canke iri musu ya 80% Mukibanza co Hagati mu Vy'agahembo (Area Median Income (AMI)).

Uko Umuryango Ungana	Abantu 2	Abantu 3	Abantu 4	Abantu 5	Abantu 6	Abantu 7	Abantu 8
Impembo ya Kare ingana canke musu	Ama Dorare 61,400	Ama Dorare 69,050	Ama Dorare 76,700	Ama Dorare 82,850	Ama Dorare 89,900	Ama Dorare 95,150	Ama Dorare 101,250

UKUNTU USABA:

Ubusabe buriko buremerwa ku kiringo co gusaba kwigishwa ca 2020-2021. Mu gusaba, hamagara canke urungike ubutumwa ku ngurukana bumenyi kwa Paula Bonnie kuri paula@letsgrowkids.org canke 802-398-5464. Urashobora guhamagara ikigo RRC kuri 802-755-7239 kugira uronke ubufasha. Ubufasha bwo gusobanura kuri telefone burahari.

Iga vyinshi kuri www.burlingtonvt.gov/it/earlylearning.

Umugambi Wihuta W'ubufasha bwo Kuriha Uburaro wi Vermont



Umugambi Wihuta W'ubufasha bwo Kuriha Uburaro wi Vermont watangujwe kugira ufashe abakotesha uburaro gurtyo bashobore ku rwana n'ingorane z'ubutunzi zijanye n'ikiza ca COVID-19. Ku miryango

yemerewe, umugambi utanga amahera yo kuriha uburaro hamwe n'ubufasha kuvyankenerwa mu gufasha abanya Vermont kubarinda kwirukanwa muburaro canke gutakaza ubufasha kuvy'ankenerwa.

Umugambi ufasha imiryango kuriha amahera y'uburaro yubu canke yo muri kahise yasigaye, ivyankenerwa vyubu niyoye muri kahise hamwe n'ibiciro vy'inguvu, hamwe n'ibindi bintu bisaba amahera munzu. Ubufasha ku vyankenerwa bushobora kugirwa n'umuyaga nkuba, gaze, amazi, ubucafu bwo munzu, umwanda wo mu gikoni, hamwe n'igiciro c'inguvu, nk'igitoro. Ubufasha buzotegerezwa kwuzuzwa na bompzi uwukotesheje uburaro hamwe na nyene itongo, kandi bazoriha nyene itongo bitarinze guca kuwukotesheje uburaro.

Urubuga web: <https://erap.vsha.org/> (mu Congereza)

Kubijanye N'ubufasha bwo Gusaba Hamwe no Gushigikirwa Muvy'ururimi, hamagara:

AALV-Ishiramwe Ry'abanyafurika Baba muri Vermont

<http://www.aalv-vt.org/>

(802) 985-3106

CVOEO - Iterambere Muvy'ubutunzi Kumugambi Mushasha W'abanyamerika

<https://www.cvoeo.org/>

(802) 860-1417 x117

USCRI Vermont-Komite ya U.S. Y'impunzi Hamwe N'abimukira

<https://refugees.org/uscri-vermont/>

(802) 655-1963

Kubandanya, Kuja Hejuru



URITEGURIYE IMPINDUKA?

Tangura UMURIMO MUSHASHA muvy'amagara y'abantu hanyuma UJE HEJURU!

Uronke IMISHAHARA MININI Nk'umufasha W'umu Foroma Yabiherewe Urupapuro Rw'umutsindo (Licensed Nursing Assistant (LNA)). Uyu mugambi wo kwigisha wa LNA uzotanga abazowitabira:

- Amayinga 10 y'ivyigwa bizatangwa kubuhinga bwa none hamwe n'amaso muyandi
- Amasaha 32 y'imyimenyerezo IRIHWA, inyuma yo guheza ivyigwa
- Imyiteguro ikwiye Y'ikibazo C'umusaraba Utukura LNA
- Iterambere mu vy'akazi ka misi yose
- Kubandanya, Kuja hejuru iriko irakorana na UVMCM, Ethan Allen Residence hamwe na Cathedral Square
- Ku buntu kubasavye bose hama bakemererwa

Ikiranga misi:

Uko ivyigwa bizogenda ni amajoro atatu buri yingya, 6:00-9:00pm.

Gusaba:

Temberera www.burlingtonvt.gov/covid-19/LNA

Kubibazo, rungika ubutumwa bwanone CEDOLNA@burlingtonvt.gov.

Ubusabe buzosuzumwa bafatiye kukuntu mwatanguye gusaba guhera Rusama 10.

Amakuru ya COVID-19

Igisata C'amagara Y'abantu ca Vermont kirafise urubuga rw'ururimi rwabo bihariye rufise amakuru ya COVID-19 kuvy'amagara y'abantu:

Kirundi: <https://www.healthvermont.gov/covid-19/resources/multilingual-resources#Kirundi>

Ibibazo? Ukeneye Ubufasha?

Ikigo **C'amakuru Shingiro no Kuvugurura ya COVID-19 I Burlington (RRC)** kiri ngaha kugira gifashe, duhamagare kuri 802-755-7239 canke recovery@burlingtonvt.gov hanyuma usige ubutumwa burikumwe n'izina ryawe, ururimi ukoresha, hamwe na numero yawe uronkerako amakuru kandi tuzogufasha hakiri kare bishoboka. Ikigo cacu co guhamagra kirafise ubufasha bwo gusobanura mu ndimi zitandukanye. Amasaha yacu y'akazi ni Kuwambere gushika Kuwagatanu, 8:00 z'imbere y'umutaga-4:30 inyuma y'umutaga.

Rondera ubusobanuzi:

Igisata C'amagara Y'abantu ca Vermont

<https://www.healthvermont.gov/media/translation/covid-19-translations>

Umurwa Mukuru wa Burlington

<https://www.burlingtonvt.gov/covid-19/translated>

Akazi K'indimi Zitandukanye I Vermont:

<https://www.youtube.com/channel/UC3zjPpeFnXqvESr1y3d4DvQ>

Amakuru muri runo rwandiko ashobora guhinduka nkuko amabwirizwa ngenderwako ahinduka ku rwego rw'igihugu hamwe na reta